

OU GEN DOSYE JIDISYÈ? OU KAPAB TRAVAY AVÈK SA.

Lè patwon yo konsidere kalifikasyon anvan, plis moun New York jwenn travay. Sa fè biznis yo vin pi fò epitou sa bay ekonomi nou an plis fòs.

■ ENFÒMASYON POU PATWON YO

Komisyon Dwa Moun Vil New York (New York City Commission on Human Rights, NYCCHR) se yon resous ki la pou ede ou kore biznis ou, vin yon patwon ki san paspouki, epi fè pratik anbochaj ou konfòm ak lwa dwa moun nan vil N.Y. (NYC Human Rights Law, "NYCHRL"). Dokiman sa a ap bay enfòmasyon konsènan Lwa sou Chans San Paspouki (Fair Chance Act), yon chanjman enpòtan nan lwa ki afekte pwosesis aplikasyon ou pou travay ak pwosesis pou pran desizyon yo.

Pandan prèske 40 tan, Atik 23-A Lwa New York sou Koreksyon (New York Correction Law) ("Atik 23-A") entèdi pou moun New York jwenn refi pou yon djòb senpleman paske lapolis te arete yo oswa paske lajistis te kondane yo. Kòmanse 27 oktòb 2015, yon lwa tounèf vil la ki rele Lwa sou Chans San Paspouki (Fair Chance Act, "FCA") egzije pifò patwon ki nan Vil New York pou yo rete tann jouk apre yo ofri yon djòb sou kondisyon anvan yo poze kesyon sou dosye jidisyè yon kandida oswa anvan yo konsidere dosye jidisyè kandida a. Nan pwen sa a, patwon yo ka sèlman retire djòb yo ofri a yon fason ki annamoni avèk Atik 23-A. Si ou deside retire yon djòb ou ofri sou kondisyon apre ou konsidere istwa kriminèl yon moun ki aplike, FCA egzije pou ou fè moun ki aplike a konnen sa, epitou pou bay moun sa a omwen twa (3) jou ouvrab pou li reponn anvan ou pran yon desizyon final sou aplikasyon li. Peryòd tan sa ap konsidere reyalite ki montre apeprè 50% verifikasiyon dosye jidisyè yo gen enfòmasyon ki ansyen oswa ki pa kòrèk, epitou li bay moun ki aplike yo yon okazyon pou bay dènye enfòmasyon yo.¹ Patwon ki pa swiv pwosesis Atik 23-A oswa ki pa swiv pwosesis la pou retire òf djòb yo fè, yo apre yo konsidere istwa kriminèl, ka gen obligasyon pou peye dedomajman ak/oswa sanksyon anba NYCHRL. Yon patwon ap responsab pou nenpòt vyolasyon FCA ajans endepandan patwon an anboche pou kontwole nenpòt aspè rekritman li, pwosesis li pou fè entèvyou, oswa pou anboche moun.

Menmsi FCA aplike pou tout desizyon sou anbochaj - kit w ap anboche yon moun, kit w ap revoke li, oswa kit w ap bay li pwemosyon - gid sa a konsidere tout moun kòm "moun ki aplike" pake pi souvan lalwa ap aplike pandan anbochaj la.

■ ANVAN YON PATWON OFRI YON DJÒB SOU KONDISYON

Istwa kriminèl moun ki aplike pou travay pa kapab fè pati pwosesis anbochaj la jouk **apre** lè patwon an pwolonje yon òf travay sou kondisyon. Pou ou kapab konfòme ou avèk FCA, ou dwe:

- Pa endike anyen ditou sou istwa arrestasyon oswa kondanasyon lè w ap fè anons pou bay moun djòb. Ou pa kapab itilize ekspresyon tankou, "no felonies" (ou pa t dwe fè krim), "background check required" (verifikasiyon dosye jidisyè obligatwa), ak "must have clean record" (ou dwe gen yon dosye ki pwòp) nan anons pou djòb la.
- Asire fòm aplikasyon yo ak ajan k ap pran desizyon sou non ou pa mande si yon moun ki aplike gen yon dosye jidisyè oswa pa mande yon moun ki aplike pou li otorize yon verifikasiyondosye kriminèl.
- Enstwi resous imèn ou ak ekip anbochaj ou pou yo pa poze moun ki aplike yo kesyon sou dosye jidisyè yo, pou yo pa fè yon verifikasiyon dosye jidisyè, oswa pou yo pa eseye dekouvi si yon moun ki aplike genyen oswa pa genyen yon istwa kondanasyon kriminèl anvan yo ofri moun nan yon djòb sou kondisyon.

¹ Biwo Pwokirè Jeneral Depatman Lajistis Etazini (U.S. Dept. of Justice), *Rapò Pwokirè Jeneral la sou Verifikasiyon Dosye Istwa Kriminèl* (Jwen 2006) a 3; Pwojè Lwa Nasyonal sou Travay (National Employment Law Project), 65 Million "Pa Dwe Aplike:" Ka pou Refòm Verifikasiyon Dosye jidisyè pou Travay (Mas 2011) a 7, disponib sou sitwèb http://www.nelp.org/content/uploads/2015/03/65_Million_Need_Not_Apply.pdf.

Pandan pwosesis anbochaj la, ou ka dekouvrir pa chans si yon moun ki aplike gen yon istwa kriminèl. Si sa rive, fè moun ki aplike a konnen nenpòt konsidérasyon dosye jidisyè li ap fèt sèlman apre ou deside ofri li yon djòb, fè li konnen w ap vanse nan yon lòt sijè, epi li pa nòmal pou diskite sou pwoblèm sa a jouk pita, si se pa ditou. Ou ka vle mete yon nòt nan dosye moun ki aplike a sou sa ki te pase a, nan ka divilgasyon enfòmasyon an vin yon pwoblèm.

■ APRE YON PATWON OFRI YON DJÒB SOU KONDISYON POU MOUN KI APLIKE A

Apre ou pwolonje òf yon travay sou kondisyon, ou gen menm dwa ak obligasyon tankou anvan dat FCA anvigè. Ou ka mande, swa aloral oswa alekri, si yon moun ki aplike gen yon istwa kondanasyon kriminèl oswa yon ka kriminèl ki annatant; tcheke dosye jidisyè moun ki aplike a; epitou poze moun ki aplike a kesyon sou sikoranski te lakòz lajistik te kondane li kòm yon kriminèl. Pandan w ap poze kesyon sa yo, ou ta dwe rasanble enfòmasyon ki nesesè pou analize istwa kondanasyon moun nan anba Atik 23-A, ki eksplike anba la a.

Patwon yo ta dwe sonje yo toujou gen entèdiksyon pou jwenn sèten enfòmasyon sou arrestasyon ak kondanasyon. Ou pa dwe janm poze kesyon oswa konsidere arrestasyon ki pa abouti nan kondanasyon kriminèl. Ka sa yo gen ladan kote lajistik pa t jwenn yon moun koupab oswa kote yo te sele ka a annapre. Anjeneral, yo sele kondanasyon pou ti zak tankou konpòtman ki kreye dezòd, paske yo se ka kote yo te jije yon moun kòm yon jèn delenkan oswa kòm yon delenkan jivenil. Enfòmasyon sa yo pa ta dwe janm parèt nan yon verifikasyon dosye jidisyè epitou ou pa kapab mande yo ni konsidere yo nan okenn moman nan pwosesis anbochaj la. Si nenpòt fason ou vin konnen sa, ou pa kapab itilize li nan yon desizyon anbochaj.

Sa ki anba la a se yon modèl kesyon ou kapab itilize, apre ou ofri yon travay sou kondisyon, ki mande enfòmasyon ou gen pèmisyon legal sèlman pou konsidere:

Èske lajistik te janm kondane ou pou yon deli oswa yon krim? Reponn "NON" si: (a) yo te sele kondanasyon ou, efase li, oswa anile li sou apèl; (b) kondanasyon ou se te pou yon vyolasyon, vyolasyon lalwa, oswa lòt ti zak tankou konpòtman dezòdone;" (c) kondanasyon ou te lakòz yo te konsidere ou kòm yon jèn delenkan oswa yon delenkan jivenil; oswa (d) si ou te retire konfesyon ou apre ou te patisipe nan yon pwogram tribinal epi lajistik pa t kondane ou pou yon deli oswa pou yon krim.

Si ou **deside dosye moun ki aplike a pa pi enpòtan pase rezon ki fè ou te chwazi li pou bay djòb la, epitou si ou vle anboche moun ki aplike a, ou pa gen pou fè anyen anplis.** Men, si ou vle retire òf travay la, ou dwe fè twa (3) etap sa yo anvan:

1. Bay moun ki aplike a yon kopi nenpòt verifikasyon dosye jidisyè oswa lòt dokiman ou te itilize pou detèmine li te gen yon dosye kriminèl;
2. Evalye moun ki aplike a anba Atik 23-A, epitou bay li evalyasyon ki alekri a; epi
3. Kite djòb la lib pandan omwen twa (3) jou ouvrab yon fason pou moun ki aplike a kapab reponn.

■ FASON POU REVELE VERIFIKASYON DOSYE JIDISYÈ AN

Ou dwe bay moun ki aplike a egzakteman menm enfòmasyon ou te itilize yo pou detèmine si li te gen yon dosye kriminèl. Enfòmasyon yo ta dwe gen dat ak lè ou te jwenn aksè ladan yo, epitou yo ta dwe gen non anplwaye ki te gen aksè ladan yo. Li senp pou konfòme ou:

- Si ou te anboche yon lòt konpayi pou fè verifikasyon dosye jidisyè, remèt yon kopi rapò sa a.
- Si ou te fè rechèch sou entènèt, enprime paj ou pran yo a.
- Si ou te tcheke dosye piblik yo, bay kopi dosye yo.
- Si ou te depann de enfòmasyon oral, rezime konvèrsasyon ou ak enfòmasyon ou te jwenn yo alekri. Sa gen ladan enfòmasyon moun ki aplike a bay poukout li.

■ FASON POU EVALYE MOUN KI APLIKE A ANBA ATIK 23-A

Anba Atik 23-A, moun New York pa kapab jwenn refi pou travay senpleman akòz yon dosye kriminèl. Ou ka sèlman refize ba yon moun yon djòb si gen yon relasyon dirèk ant dosye jidisyè moun ki aplike a ak avni djòb la oswa si ou kapab montre si ou bay moun nan djòb la sa ap kreye yon risk san rezon pou pwopriyete ou oswa pou sekirite sèten moun oswa pou sekirite publik la an jeneral. Ou dwe konsidere uit (8) faktè ki endike anba la yo lè w ap fè detèminasyon ou. Si ou detèmine gen yon relasyon dirèk, evalye faktè yo pou detèmine si risk la diminye. Si pa gen relasyon dirèk, ou ka konsidere tout faktè yo lè w ap detèmine si gen yon risk ki pa rezonab. Men faktè yo:

- Politik publik New York ankouraje otorizasyon pou pratike pwofesyon ak travay moun ki gen dosye jidisyè.
- Sèten devwa ak responsablite avni djòb la.
- Enpòtans dosye jidisyè moun nan, si genyen, sou aptitud li oswa kapasite li pou fè youn oswa plis devwa oswa responsablite djòb la.
- Kantite tan ki pase depi sekans evènman ki te lakòz kondanasyon kriminèl moun ki aplike a, pa arrestasyon ni kondanasyon an poukонт yo.
- Laj moun ki aplike a e genyen lè evènman ki te lakòz kondanasyon li te pase.
- Gravite dosye kondanasyon moun ki aplike a, dapre konpòtman moun ki aplike a. Sonje Komisyon an p ap konsidere kondanasyon pou posesyon oswa lavant yon sibstans kontwole grav yon fason patikilye.
- Nenpòt enfòmasyon moun ki aplike a bay oswa yo bay sou non moun ki aplike a, konsènan reyabilitasyon li oswa bon konpòtman li. Paske ou gen obligasyon pou konsidere enfòmasyon sa yo, ou dwe mande moun ki aplike a enfòmasyon li yon fason afimatif.
- Enterè lejitim patwon an nan pwoteje pwopriyete, epi sekirite ak byennèt sèten moun oswa publik a an jeneral.
- Si yon moun ki aplike gen yon sètifikasi soulajman nan andikap oswa yon sètifikasi bon konpòtman, ou dwe **sipoze** moun sa a reyabilite.

Sitwèb Komisyon an gen lòt enfòmasyon sou fason pou fè analiz Atik 23-A, ansanm avèk yon fòm ou ka itilize pou konfòme ou avèk kondisyon sa a. Ou ka adapte fòm lan nan fòma ou pito oswa ou ka distribiye li sou fòm elektwonik, men vrè langaj debaz la dwe rete menm jan.

■ LÈ W AP KITE TAN PASE POU MOUN KI APLIKE A REPONN

Ou dwe bay moun ki aplike yo yon kantite tan rezonab pou yo bay repons pou verifikasyon dosye jidisyè yo ak analiz Atik 23-A. Lalwa egzije omwen twa (3) jou ouvrab, ant lè yon moun ki aplike resevwa enfòmasyon sa yo, men ou ka bay moun ki aplike a menm plis tan pou li rasamble nenpòt enfòmasyon ki nesesè pou li reponn. Ou dwe kite djòb la ouvè pou moun ki aplike a pandan peryòd twa (3) jou yo.

Si yon moun ki aplike kontakte ou pandan tan sa a, ou kapab rezoud pwoblèm nan depi ou eksplike li enkyetid ou yo epitou depi ou mande moun ki aplike a pou li rezoud yo. Ou ka deside tou pou ofri moun ki aplike a yon diferan pòs travay ou kwè ki pi apwopriye pou moun ki aplike a. Si ou pa kapab jwenn yon rezolisyon apre twa (3) jou, ou dwe fè moun ki aplike a konnen ou p ap bay li djòb la anvan ou kapab travay sou dosye yon lòt kandida.

Èske lwa tounèf sa a konsène biznis mwen?

Pètèt. Patwon yo dwe gen kat (4) oswa plis anplwaye nan Vil New York pou lwa a konsène yo. Pou ti biznis yo, pwopriyetè a konte kòm yon anplwaye tou. Kat (4) anplwaye pa bezwen travay nan menm kote a, depi youn ladan yo travay nan Vil New York.

FCA pa aplike pou biznis ou si yon lòt lwa oswa ajans gouvènman swa egzije ou pou tcheke dosye jidisyè moun ki aplike yo oswa entèdi ou pou anboche moun ki gen sèten kondanasyon kriminèl. Men, si ou gen pouvwa pou deside anboche yon moun ki aplike epi ki gen yon dosye, ou dwe swiv FCA.